



Pou Piblikasyon Imedya: 01/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO REKOMANDE PREKOSYON POU GWO LAPLI AK
INONDASYON KE YO PREVWA YO POU REJYON LWÈS NEW YORK
AK FINGER LAKES**

*Yo Prevwa Lapli Ki Ka Modere oswa Gwo yo nan Rejyon Lwès New York ak
Rejyon Finger Lakes lan Kòmanse Apati Jedi Aprèmidi pou rive Vandredi
Aprèmidi*

Yo Te Fè Soti Alèt pou Inondasyon pou Zòn nan

*Lapli Ki Ap Tonbe yo Prevwa Deplase soti nan Rejyon Lwès ale nan Rejyon Lès
New York nan Samdi, Sa Ki Ap Pote yon 2-3 Pous Dlo Ke Yo Prevwa*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te egzòte moun New York yo jodi a pou prepare pou gwo lapli ak tanpèt ki pral ap deplase toupatou nan eta a kòmanse apati Jedi aprèmidi epi fini nan Samdi. Gwo delij lapli yo posib epi yo ka lakòz inondasyon nan zòn ki nan ba altitud yo, zòn ibèn yo ak zòn ki gen move sistèm drenaj yo. Yo prevwa kantite lapli ki ap tonbe de 1.5 a 2.5 pous nan Jedi rive Vandredi nan Rejyon Lwès New York ak Rejyon Finger Lakes lan. Gwo lapli sa a pral tonbe sou tèren agrikòl ki deja satire yo. Lapli yo pral deplase atravè eta a epi Rejyon Kapital, Mid-Hudson ak Mohawk Valley ka atann yo a 2 a 4 pous presipitasyon tan pou lapli a fini a nan Samdi.

“Ak divès sistèm gwo lapli yo ki pwograme pral deplase toupatou nan New York nan kèk pwochen jou yo, mwen ap egzòte moun New York yo pou yo pran prekosyon lè yo ap vwayaje epi pou yo atantif a inondasyon rapid potansyèl yo atravè Rejyon Nò a”, **se sa ke Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eta a deja ap bay materyèl ak pèsònèl jan sa nesèsè pou asire ke lokalite yo gen resous ke yo bezwen pou ka jere inondasyon potansyèl yo epi pou ka kenbe kominote nou yo an sekirite.”

Nan Rejyon Lwès New York ak Rejyon Finger Lakes lan, yon fasad ki ap vanse lantman ak zòn ki gen ti presyon yo pral pote peryòd lapli yo nan Jedi rive Vandredi. Gwo lapli yo pral tonbe nan Jedi aprèmidi pou rive nan Vandredi maten, epi yo ka lakòz ti inondasyon yo. Yo prevwa kantite lapli ki ap tonbe de 1.5 a 2.5 pous. Yo te lanse Alèt pou Inondasyon yo pou Rejyon Lwès New York, ki gen ladan konte Allegany, Cattaraugus, Chautauqua, Genesee, Livingston, Monroe, Niagara, Erie ak Wyoming epi yo pral an vigè apati Jedi aprèmidi pou rive Vandredi aprèmidi. Ti inondasyon yo posib

sou tout wiso ak rivyè yo. Gwo presyon yo pral pote yon retou kondisyon metewo ki sèch yo nan Dimanch ak Lendi.

Rejyon Kapital, Mid-Hudson ak Mohawk Valley pral eksperimante 2-3 pous lapli nan Jedi ak Vandredi anvan ke lapli yo fini nan mitan jounen an nan Samdi. Ogmantasyon konsiderab yo pral rive nan kouran dlo yo nan Vandredi swa pou rive Samdi, pandan ke yo pa prevwa inondasyon rivyè prensipal yo nan moman sa a, rivyè ak kouran dlo pi piti yo ka eksperimante kèk pwoblèm.

Pou w kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak avètisman metewo yo, vizite [sit entènèt Sèvis Metewo Nasyonal la \(National Weather Service\)](#).

Dis antrepo rejyonal nan eta a yo prepare pou deplwaye resous kle yo pou asiste nan nenpòt pwoblèm inondasyon ki ta ka rive yo. Aktyèlman, antrepo yo ekipe ak:

- Plis pase 700 dèlko
- Plis pase 240 fa limyè
- Plis pase 1,300 ponp
- Plis pase 2 milyon sak sab
- 19 machin pou ranpli sak sab
- Plis pase 400,000 boutèy ak sachè dlo
- Plis pase 27,500 pla ki pare pou moun manje
- 9,600 manto
- 12,340 dra ak 13,613 zòrye
- Baraj akwatik (Aqua Dam) ki mezire 6,771 pye

Si ou ap vwayaje pandan gwo lapli, tanpri fè atansyon pandan w ap kondwi epi sonje konsèy sekirite sa yo:

- PA eseye kondui nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- PA souzestime pwisans destriktè dlo k ap kouri vit. Dlo inondasyon ki mezire de pye e ki ap kouri vit yo ap leve machin ou an. Dlo k'ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.
- Kite bonè pou pa bloke sou wout inonde.
- Swiv wout yo rekòmande yo. PA inyore detou ijans yo pou ou ka al wè zòn ki inonde yo.
- Pandan w ap vwayaje a, swiv emisyon Radyo Meteyo NOAA ak radyo lokal pou dènye enfòmasyon yo.
- Siveye wout ki inonde yo, glisman teren, dlo ki pete oswa tiyo prensipal ki pete, fil elektrik ki ap pandye oswa ki tonbe nan dlo yo, oubyen pyebwa k'ap tonbe oswa ki te tonbe yo.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi kreye inondasyon, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.
- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Pare pou inondasyon ak move tan vyolan

- Konn konte kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp epi ki fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.
- Kenbe yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou lamèn.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti kit pwovizyon nan ka katastwòf nan kòf machin ou.
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sityasyon ijans

Kenbe twous katastwòf la soulamèn, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Pou plis konsèy sou sekirite pou tout kalite kondisyon meteyo, ale sou sit wèb DHSES la nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)